# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–07 अगस्त 2025 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहले हवें कि भारत अपने किसानन के हित से कउनों समझौता नाहीं करी। नई दिल्ली में एम.एस. स्वामीनाथन शताब्दी अन्तर्राष्ट्रीय सम्मेलन के सम्बोधित करत उहां के कहलीं कि सरकार किसानन क आय बढ़ावे अउर खेती पर खरचा कम करे बदे लगतारे कोसिस कइ रहलि हौ। सरकार क मानल हौ कि देस के प्रगति क आधार किसानन क सक्ति बा।

***हमारे लिए अपने किसानों का हित सर्वोच्च प्राथमिकता है। भारत अपने किसानों के, पशुपालकों के और मछुआरे भाई–बहनों के हितों के साथ कभी भी समझौता नहीं करेगा। मैं जानता हूं व्यक्तिगत रूप से मुझे बहुत बड़ी कीमत चुकानी पड़ेगी, लेकिन मैं इसके लिए तैयार हूं।***

प्रधानमंत्री कहलें कि डॉक्टर स्वामीनाथन भारत के खाद्य उत्पादन में आत्मनिरभर बनवले के आन्दोलन क अगुआई कइलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु सम्भल जिला के बहजोई में छौ सौ ओन्सठ करोड़ रूपिया क दुइ सौ बाइस विकास परियोजनन क लोकारपण अउर सिलान्यास कइलें। येह मौका पर उहां के सम्भल में उत्खनन के दौरान मिलल पुरातात्विक समानन के परदरसनी क अवलोकन कइलीं अउर पौधा लगा के पर्यावरण सुरक्षा क सनेसा दिहलीं। श्री योगी सम्भल संवाद ऐप क उद्घाटनों कइलें अउर कई गो योजनन के लाभारथियन के सम्मानित करत उहां के मकानि क चाभी अउर प्रमाण पत्र दिहलीं।

लोकारपण अउर सिलान्यास समारोह के सम्बोधित करत मुख्यमंत्री कहलें कि सम्भल में कब्बो अड़सठ गो तीर्थ, ओन्नइस गो पावन कूप अउर पैकरमा राहि रहल हवे। हमार सरकार येह तीर्थन अउर कूपन के पुनरूद्धार करायी। येह मौका पर उहां के रक्षाबंधन अउर आवे वाले तिउहारन कै प्रदेसवासियन के सुभकामनो दिहलीं।

***हमारी सरकार ने तय किया है 8, 9, 10 अगस्त को हर बहन के लिए उत्तर प्रदेश परिवहन निगम और नगर विकास कि बसों में फ्री में यात्रा की सुविधा उपलब्ध रहेगी एक सहयात्री के साथ में वें उत्तर प्रदेश के अन्दर कही से भी कही तक यात्रा कर सकती है। कोई किराया उनसे चार्ज नही होगा ये बहनो को ये डबल इंजन की एक उपहार हैं।***

**********

प्रदेस सरकार सोनभद्र के धारमिक, पर्यटन अउर कैम्पिंग सर्किट के रूप में बिकसित कइले क फैसिला लिहले हौ। एहसे न त खाली स्थानीय स्तर पर रोजिगार क सृजन होई बलुक कई तरह क पर्यटन के बढ़ावा मिली। एके ले के लखनऊ के गोमती नगर में आजु एगो बइठकियो भइल, जेहमें समाज कल्याण राज्य मंत्री स्वतंत्र प्रभार असीम अरूण, वन मंत्री अरूण कुमार सक्सेना अउर समाज कल्याण राज्य मंत्री संजीव कुमार गोंड़ सामिल भइलें।

**********

बरखा अउर बान्हन से पानी छोड़इले के नाते प्रदेस क बीस से बेसी जिला बाढ़ से परभावित बाटे। वाराणसी, बदायूं, प्रयागराज, मिर्जापुर, गाजीपुर अउर बलिया में गंगा, नैनी में यमुना, लखीमपुर खीरी में शारदा, बाराबंकी, अजोध्या में घाघरा आ़ श्रावस्ती में राप्ती नदी खतरा के चीन्हा से उप्पर बहि रहल हौ। नेपाल से पानी छोड़इले अउर पहाड़ी इलाकन में हो रहल भारी बरखा से अजोध्या में सरजू नदी खतरा के चीन्हा से तीस सेंटीमीटर उप्पर बहि रहलि हौ। नदी क जलस्तर हर घंटा एक सेंटीमीटर बढ़ि रहल हौ, एके देखत जिला प्रसासन अलर्ट घोसित करत परभावित इलाकन क लोगिन के सुरक्षित जगहि पर पहुंचावल सुरू कइ दिहले हौ। बाढ़ि के नाते प्रदेस के कई गो इलाकन क दुइ लाख से बेसी लोगि परभावित हवें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ लगतारे बाढ़ि परभावित इलाकन क निगरानी कइले के सथहीं प्रभारी मंत्रियन के अपने–अपने क्षेत्र में राहत अउर बचाव कार पर नजरि बनावे रखले क निरदेस दिहले हवें। ओहर मौसम विभाग आवे वाला चउबीस घंटा में प्रदेस के कुछु इलाकन में भारी बरखा भइले क सम्भावना जतवले बा।

**********

आजु पूरा देस में राष्ट्रीय हथकरघा दिवस मनावल जा रहल हौ। येह मौका पर सोसल मीडिया प्लेटफारम के जरिये प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सुभकामना दिहले हवें। उहां के कहलीं कि आजु क दिन बुनाई क हमरे समृद्ध रिवाज के उत्सव क दिन हौ, जवन हमरे बुनकरन क रचनात्मक कुसलता के दरसावे ला। हमनी के भारत क हथकरघा विविधता अउर आजीविका क समृद्धि के बढ़ावा दिहले में येह दिवस के भूमिका पर गरब बाटे।

**********